

## ЛÆГТИ ХУÆЗДÆРТÆ – ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ ФЕСКЪУÆЛХУНМÆ ЦÆТТÆ КА ÆЙ!..

***Владимир ПУТИН, Уæрæсей Федераций Президент: «Еугур Уæрæсей адæмæн бознæ сæ лæгдзийнади, еузæрдиуондзийнади туххæй. Æфсади, денгизон флоти æма уæлдæфон тухти бæгъатæр æфсæддонтæн, афицертæн, Уæрæсей Национ гвардийæн, сæрмагонд службити, тухи къабæзти косгутæн... Нæ гъæуайгæнгути нийиергутæн, бийнойнæгтæн, бийнонтæн... Арфиаг кæмæй ан, етæ уойиасæбæл берæ ’нцæ, æма сæ еугурей ранимайунæн равгæ дæр нæййес. Фал уой зæгъун, æма сæ еугуремæй дæр боз æма сæрустур ан...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№6 (926) 2024 анзи 20 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



### Æ ФÆСТЕ НИУУАГЪТА АРФ ФÆД

Нæ дзилли ’хсæн абони дæр, æвæдзи, нæ разиндзæнæй номдзуд Хъанухъти Есей лæгдзийнæдти хабæрттæ зундгонд кæмæн нæ ’нцæ, уæхæн адæймаг. Рагон дзаманти Дигоргоммæ æлдареуæг кæнуни зæрдтæй ци знæгтæ лæборунмæ гъавтонцæ, уонæн уойиасæбæл карз нихкъуæрд раттидæ æма ходуйнагæй фæлледзæги уиуонцæ:

*Сари Аслæнбек цудæй æфсæдти хæццæ тухæ кæнунмæ Есемæ,*

*Фал æхуæдæг фæстæмæ æлхæнуйнаг иссæй æ бæхгини рæуаги. Байæлхæдтонцæ е ’мбæлттæ æстдæс-æстдæсемæй,*

*Рандæнцæ йетæ йеци æгъдауи хæццæ.*

*Дигорæмæ байзадæй кадæ Хъанухъти-Есей рæуаги.*

Аци фондз рæнгъи ’нцæ, адæм æ рæстæги ци кадæнгæ «Донифарси Хъанухъти Есей зар»-и кæронбæттæн. Рафинстан æй нæ зундгонд ахургонд Салæгати Зойи арæзт æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад»-æй. Æма бæлвурдæй аци кадæнгæ хумæтæги нæ равзурстан. Уомæй уой зæгъуйнаг ан, æма аци бакасти ездон æма хуæдæфсæрмæ силгоймаг царди гъуддæгути ба бавдиста алæмæти нифс æма уоди федарддзийнадæ рæстдзийнади сæрбæлтау.

6

## ИМИСÆН НÆ ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРТИ...



**Алли доги дæр ралæууй уæхæн рæстæгутæ, кæцитæ сæ æверхъаудзийнæдтæй адæми цардиуагæ исæгудзæг кæнунцæ, сауæнгæ ма син сæ бæрæгбæнттæ дæр бæрæгбонхуз нæбал фæуунцæ, сæ цийнæй фæффулдæр уй сæ хъонц. Абони дæр уæхæн уавæри ан. Æма нин нæ цитгийнагдæр бæрæгбæнттæй еу – Фидибæстæ гъæуайгæнæги Бон (советон доги æй худтан Советон Æфсади æма Тугъдон-Денгизон флоти Бон) кæд æма алкæддæр бæрæг кæнианæ зæрдæхцæуæнæй, уæд абони ба нæ зæрдæ уоййасæбæл нæ комуй цийнæ кæнун. Гъо, ке бæрæгбон æй, уонæн арфитæ кæндзинан, цидæр лæвæрттæй сæ барæвдаудзинан. Фал абони нæ дзиллæн уæддæр æгæр æй æ хъонц – зæрдхъурмæй имисæн, сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг се ’фсæддон ихæс æхсаргинæй æнхæст кæнгæй, Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ. Уонæй еу æй Сакъити Сослæнбеги фурт Игорь дæр. Æма уой номерæнæн æрмæгутæ мухур кæнæн абони нæ газети 4-аг фарсбæл.**

## АРФÆ КÆНÆН!..



### ÆНТÆСТГИН УО ДÆ НÆУÆГ КУСТИ ДÆР!..

***ФИДАРАТИ Юрий нисангонд æрцудæй газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редакторæй***

Фидарати Астемури фурт Юрий райгурдæй 1961 анзи 23 августи Рахесфарси райони Зæронд Бæтæхъойгъæуи. 1983 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети филологон факультет. Берæ æнзти дæргъи фæккуста Цæгат Иристони республикон радиой. Цалдæр анзей дæргъи ба куста газет «Пульс Осетии» сæйраг редакторæй.

Фидарати Юрий æй республикæ Беларусь æма Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт журналист.

Фидарати Юрий адтæй Цæгат Иристони Парламенти фæндзæймаг фæдздзурди депутат, æвзурст ба æрцудæй парти «Уæрæсей патриоттæ»-й. 2017 анзи ба нисангонд æрцудæй нæ республики мухури фæрæзнити æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдарæй, æма аци бæрнон бунати бакуста æрæги уæнгæ.

Фидарати Юрий газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редакторæй нисангонд ке ’рцудæй, е æхцæуæн хабар æй, уомæн æма ни æруагæс кæнуй, æ нæуæг бæрнон кусти дæр æ размæ ивæрд æнтæстгинæй ке æнхæст кæндзæнæй, æ архайд хуæрзæрдæмæ ке фæббæрæг уодзæнæй куд газетæн æхебæл дæр, уотæ нæ национ журналистики райрæзтбæл дæр.

Мах дæр, республикон газет «Дигори» редакций коллектив, зæрдиагæй арфæ кæнун Фидарати Юрийæн. Нæ зæрдæ ин зæгъуй устур æнтæстдзийнæдтæ æ нæуæг кусти дæр.

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2024 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**

***Цæгат Иристони аци анз национ проекттæ æма паддзахадон программити бундорбæл цалцæггæнæн, райарæзти æма арæзтадон куститæ æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ 247 объектеми. Е ахсгиаг гъуддаг æй æма гъæуама къулумпигонд ма 'рцæуа. Уомæй ба тæссаг æй – 72 объектей туххæй бадзурдтæ нерæнгæ æнхæстгонд нæма æрцудæнцæ...***

## АХУРАДÆ



Цæгат Иристони разамонæг Сергей Меняйлой унаффæй нæ республики алли районти дæр игонгонд æрцæудзæнæнцæ еумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ бундоронæй цæттæкæнуйнади Центр. Уони архайди уодзæнæй нийергути феддонти фæрци нæ, фал паддзахади харзæй. Косгæ ба си кæндзæнæнцæ дæснидæр ахургæнгутæ. Идарддзæф скъолатæмæ сувæллæнтти ласдзæнæнцæ автобустæй. Скъолай программæ æма центрти ахурадæ кæрæдзей нæ къулумпи кæндзæнæнцæ. Профилон предметтæмæ 'здахдзæнæнцæ фулдæр æргом. Куд нисангонд цæуй, уотемæй еци центрти ма косдзæнæнцæ психологтæ дæр, агъаз кæндзæнæнцæ ахурдзаутæн цæмæй, фæлварæнтæ дæттун ке фæгъгъæуй, уони удæнцойнæдзийнадæ сагъæссаг ма кæна.

## АГЪАЗГОНД



Цæгаткавказаг федералон округи æртæ республикемæн – Цæгат Иристонæн, Дагестанæн æма Мæхъæлæн – дехгонд æрцæудзæнæй 10,5 миллиард соми, цæмæй ами идарддæр æнхæстгонд цæуа энергетики æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради кустуæтти æнæхъоргондæй райрæзти программæ. Уой фæрци Цæгат Иристони фæззиндтæй берæ гъæугæ нæуæгдзийнæдтæ. Уонæй еу – донефтонгади æма дон еуварсуадзæн кустуат æрæги райста цуппæрдæс нæуæг техникон фæрæзни, æма сæ куститæ æнхæст кæнунæн кедæр техникæ ихуæрсун нæбал гъæуйдзæнæй. Нисангонд цæуй, амæй фæстæмæ дæр къабази кустуæтти уавæртæ цардгъондæр æма син сæ архайд никки фæйиахедгæдæр кæнунæн ка фæййагъаз уодзæнæй, уæхæн мадзæлттæ.

## ТУРИЗМ



Куд нисангонд цæуй, уотемæй Хъобангоми фæззиндзæнæй туристон комплекс «Нарти сахар». Ци инвеститæ харзгонд æрцæудзæнæй, уони бæрцæ нерæнгæ хъæртуй 2 миллиард сомемæй фулдæрей уæнгæ. Комплекси искон-ди уодзæнæй цуппар иуазæгдзæрæни (270 бунати), рестарантæ æма кафетæ, тукæнттæ, къахдзонæгъти фæзуæттæ, аллихузон социалон æма культурон уагæдæнттæ. Еума ахсгиагдзийнадæ ба е æй, æма инвестор æхемæ есуй ихæс комплекси алфамбулай райаразуйнаг экологион фарстатæбæл бакосун дæр. Комплекс арæзт цæудзæнæй къæпхæнгай, фиццаг къæпхæн гъæуама фæууа 2027 анзмæ – уæд «Нарти сахар» исиуазæг кæндзæнæй фиццаг туристти.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Цæгат Иристон æй, æнæтæхæгæй зелдохгæнæг авиасистемитæ ахур кæнун кæми райдайдзæнæнцæ, еци уæрæсейаг регионтæй еу. Ахур кæнуни равгæ ба си уодзæнæй 950 скъоладзауи æма студентемæн. Аци гъуддагæи фæдбæл федералон гранти бæрцæ æй 298 миллион соми.

* * *

**Мæскуй арæзт агъазиау еугуруæрæсеуон равдист «Продэкспо»-йи архайæг цæгатиристойнаг сæлдæгуадзæг компаний уагъд хуайраги æртæ хуземæн исаккаг кодтонцæ «Анзи хуæздæр продукт-2024» дуйнеуон конкурси æртæ сугъзæрийнæ майдани.**

**Зæгъун гъæуй уой, æма дзæуæгигъæуккаг компани «Снежная Королева» ци продукци уадзуй (сæдæ хуземæй фулдæр), уой æрветуй нæ бæсти нæудæс регионемæ.**

* * *

Уæрæсей хецауадæ гъæууон хæдзаради аллихузон къабæзти архайгутæн уæлбарæ æфстæутти хузи радех кæндзæнæй инсæй миллиард соми. Æхца субсидити хузи харзгонд цæудзæнæнцæ агропомышленнон комплекси кустуæттæн æфстæутти хузи гъæуyонхæдзарадон продукци рауадзун æма бакосунæн. Уони фæрци гъæуyон хæдзаради фæллойнæгæнгутæ æфстæутти хузи сæхецæн пайдайаг уавæрти алли афæнтти будуйрон куститæн райсдзæнæнцæ 804 миллиард соми.

* * *

**Аци анзи райдайæни бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, уотемæй Цæгат Иристонмæ фулдæр цæун райдæдтонцæ туристтæ искæсæйнаг бæститæй. Январи фулдæр туристтæ иссудæй Китаййæй, зæгъæн, фари хæццæ рабаргæй. Цæунцæ нæмæ Еугонд Арабаг Эмираттæй, Вьетнамæй дæр.**

* * *

Мæскуй идарддæр æ куст кæнуй Æхсæндуйнеуон равдист «Уæрæсе». Ци берæ аллихузон мадзæлттæ си арæзт цæуй, уонæн сæ агъазиаудæртæй еу иссæй национ æнтæстдзийнæдти форум «Нæ культурæ». Нæ бæсти иннæ регионти минæвæртти хæццæ си архайдтонцæ нæ республики аци къабази бæрнон косгутæ дæр. Форуми рæстæг алли регионæн дæр си фæцæй равгæ сæ культурон æмбæзади æнтæстдзийнæдтæ æнхæстæй бавдесунæн, идарддæри райрæзти нисанти туххæй радзорунæн, зонгæ кодтонцæ кæрæдзей фæлтæрддзийнади хæццæ.

## ÆРДЗИ ЦАРДГЪОНДЗИЙНАДÆБÆЛ АУОДУН – НÆ ЕУМÆЙАГ ИХÆС!..



# ДÆ ФАЛДЗОС РАУÆНТÆ БА ЦИ УАВÆРИ ÆНЦÆ?..

Аци æрмæгæн сæргонди хузи уæхæн фарста ке æвæрæн, е хумæтæги нæй. Алкедæр уи, æвæдзи, фæууинуй уæхæн уавæр, æма кæмæндæр æ цæрæнбунат хуæрзæфснайд, уой фалдзос рауæнтæ ба æведауцæ уавæри. Мадта æркæсайтæ нæ гъæути алфамбулайтæмæ, уоми будуртæ æнæбунати бугъгалæнтæ фестадæнцæ. Гæрр, уой нæ лæдæрæн, æма æрдзæн æверхъаудзийнæдтæ аразгæй, фиццагидæр нæ цардгъондзийнадæн хæссæн?!. Цæмæн ни иронх кæнуй нæ рагфидтæлти загъд: «Æрдзæ ихалун – цард ихалун æй!..»

Нæ алæмæти æрдзи исконд багъæуай кæнуни дзубанди цудæй Цæгат Иристони æрдзи фæрæзнити æма экологий министр **Бæззати Вадимæн** дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми. Æ радзубандий, зæгъæн, уæлдай æргом раздахта, æгæр ке исберæ 'нцæ бугъгалæнтæ, кæми не 'нгъезуй, уæхæн рауæнти – цубур рæстæгмæ сæ бæрцæ иссæй æртиндæс æма æртинсæй. Министри загъдмæ гæсгæ, районти разамунди фæрци, уонæй æртиндæс æма дууинсæй æндæгонд æрцудæнцæ... Еци куст идарддæр æнхæстгонд цæуй. Е хуарз æй, фал цардиуагæ ба уотæ 'й, æма бугътæн æнæ уæн нæййес. Æма уонæн уæддæр ести кæнгæ нæй? Уой фæдбæл дзоргæй, Бæззай-фурт загъта:

– Нуртæккæ регоператор «Эра» æхе харзæй аразуй бугътæ бакосуни нуриккон завод. Хауæццæгти хузтæ хецæн кæнунæй уæлдай ма заводи уодзæнæй уæхæн косæнгæрзтæ, æма æрдзон тæссаг хауæццæгтæй араздзæнæнцæ сор æзмæнст.

Сæрмагонд куст цæудзæнæй, ставд æма арæзтадон бугътæ бафснайуни гъуддаги. Е нæ республикæн æй лухкæнуйнаг фарста. Аци анз ци устур завод искосдзæнæй, уой уæлæнхасæн исæвæрдзæнæнцæ, арæзтадон бугътæ ка морæ кæндзæнæй æма си дуккаг хатт испайда кæнæн цæй фæрци уодзæнæй, уæхæн косæнгæрзтæ. Нуриуæнгæ ци завод косуй, уомæй уодзæнæй цалдæр хатти кустгъондæр.

Фембæлди рæстæг дзубанди рацудæй нæ республики сæйрагдæр цæугæдон Терки, уой хæццæ ба нæ иннæ цæугæдæнтти ирисхъи туххæй дæр. Æма Бæззай-фурт куд загъта, уотемæй «Росводресурс»-и специалисттæ исбæлвурд кæндзæнæнцæ Терки уавæр, Ларсæй сауæнгæ Ногири хеди уæнгæ.

Уой хæццæ ма загъта, Иристони гидротехникон арæзтæдтæн сæ 93 проценти 50 анземæй фулдæр ке лæггадæ кæнунцæ. Хуæнхон дæнттæ тагъд уайунцæ, уотемæй æфсæйнаг-бетон къæйтæбæл сæ хъаурæ æвзарунцæ. Сæ фулдæр хай æнцæ бундорон цалцæгкæнуйнаг. Суадаги, Дзиуаригъæу æма Нæуæггъæуи ци объекттæ ес, уонæн проектон-хæрзти гæгъæдитæ цæттæ 'нцæ. Иннæ анз республикæ гъæуама райса фæрæзнитæ федералон центрæй æма уæд куститæмæ бавналдзинан.

Æмбурди архайгутæн министр дзурдта фæранки хузæ багъæуай кæнуни туххæй экологтæ æма ахургæндтæ ци берæвæрсуг куст кæнунцæ, уой туххæй, æма фегъосун кодта, хæстæгдæр рæстæг ба еу фæранк Иристони æрдзæмæ ке рауадздзæнæнцæ, уой.

Бæззати Вадими гъудимæ гæсгæ, министради 'рдигæй цæстдард ци берæ гъуддæгутæмæ ес, уонæй ахсгиагдæр æй нæ гъæдтæ зингисервæзтæй багъæуай кæнун. Аци фарстай Уæрæсей иннæ регионти 'хсæн мах ан хуæздæрти æмрæнгъæ.

Фембæлди кæронбæттæни министр загъта, æвæдзи, нæ еугуремæн дæр зундгонд ка 'й æма нин æнæмæнгæ æнхæст кæнуйнаг ка 'й, уæхæн гъуди: «Æрдзæ нæ гъæуайгæнæг, нæ дарæг æй æма имæ еугурæйдæр рæвдаугæ цæстæй гъæуама кæсæн!..»

Фегъосдзинан æй?..

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## ЗАКЪОНДÆТТУНАДÆ



### НÆ УÆЛАХЕЗИ СÆРБÆЛТАУ СÆ ФÆЛЛОЙНÆ НИМАДИ УОДЗÆНÆЙ...

Сæрмагонд æфсæддон операци æнхæст кæнуни рæстæг гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæтти косгутæн «Фæллойни ветеран»-и ном дæттуни фæткæ ке фæрци фæххумæтæгдæр уодзæнæй, уæхæн закъони проект хуарзбæл банимадтонцæ нæ республики Парламенти депутаттæ дæр.

Аци хабар фегъосун кодтонцæ республики Парламенти æмбурди рæстæг. Æма «Ветеранти туххæй» закъонмæ гъæугæ исрасткæнуйнæгтæ бахæсдзæнæнцæ. Зæгъæн, закъони 7 статьямæ бахæссунмæ ке гъавунцæ, еци бафтауйнаги финст ес мæнæ уотæ:

«Сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси ка косуй, æма си тæккæ минкъийдæр 15 анзей дæргъи ка бакуста (баслужбæ кодта), уæдта пенси исæвæрунæн нимайуйнаг фæллойнадон стаж нæлгоймæгтæн тæккæ минкъийдæр 20 анзи, силгоймæгтæн ба 15 анзей дæргъи кæмæ ес, уæхæн косгутæ нимад æнцæ фæллойни ветерантæбæл».

Парламентарити гъудимæ гæсгæ, сæрмагонд æфсæддон операци æнхæст кæнуни рæстæг фæууæлахез уни гъуддагмæ устур æвæрæн хæссунцæ айдагъ тугъди раззаг тæлми тохæг æфсæддон службæгæнгутæ нæ, фал удуæлдай фæллойни фæрци тугъдонтæн агъазгæнæг фæскъилдуни косгутæ дæр.



**Зундгонд поэт æма публицист, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Цирихати Тасолтани фурт Михали райгурдбæл 23 феврали æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1998).**





# СÆ ЛÆГДЗИЙНАДÆ – ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ!

Афганистани тугъд Советон Цæдесæн ку фæцæй æма советон æфсæддон хæйттæ æнæгъæнæйдæр еци бæстæй ку ракодтонцæ, уæдæй финддæс æма инсæй анзи кæд райевгъудæй, уæддæр, еци тугъди хæццæ цидæриддæр хабæрттæ баст æнцæ, етæ нæ дзиллæн абони дæр ма зæрдристаг æнцæ. Цитгинæй кадæ кæнæн, уодæгасæй си сæ фидиуæзæгбæл ка исæмбалдæй, уонæй... Хъонцгæнгæй ба имисæн, Афганистани зæнхæбæл е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй ка фæммард æй, нæ еци æдзард фæсевæди. Æма нур дæр уой фæдбæл æй нæ дзубанди, уæлдайдæр ба тугъдонти-интернационалистти Бонмæ гæсгæ, кæци Уæрæсей 2011 анзæй фæстæмæ алли анз дæр бæрæггонд цæуй 15 феврали.

– Кабулæй ци хуæдтæхæги ратахтæн, е Минводти аэропорти ку 'рбадтæй, уæд æз æма мæ хæццæ Иристонæй ка адтæй, еци лæхъуæнтæ ниддæлгоммæ ан нæ райгурæн зæнхæбæл æма зæрдиагæй ин нихъхъури кодтан… Кæмæдæр е, ка 'й зонуй, æнахур фæккæсдзæнæй, фал махæн ба е уæд адтæй нæ зæрдирайи «цъæхъал». Еци усмæ ни æцæгæйдæр баруагæс æй, тугъд нин кæдæй-уæдæй ке фæцæй, къуругæнæг топпадзагъд ке нæбал игъосдзинан, инодгæнæг тæфи гъезæмарæй ке фæййервазтан, не 'мбæлттæй æдзард ке некебал кæндзæнæй… Уæд ни кадæр, æнгъæлдæн, уотæ загъта: «Хуæрзбон, Афган!.. Мах цардæгас ан!..»

Уотæ имиста алагираг **Баскати Батраз**, Афганистани тугъдæй ку æрбаздахтæй, уæд. Мадта афгайнаг тугъди иннæ ветеран **Малити Морати фурт Олег** ба уотæ зæгъуй:

– Кæд дæсгай æнзтæ рацудæй, еци тугъд кæдæй ниссабур æй уæдæй, уæддæр ма, куд фæззæгъунцæ, абони дæр уоми ан… Сауæнгæ нур дæр ма ахид фесхъеун мæ медфуни… Мæ гъостæбæл рауайунцæ хуæдтæхгути, танкити гур-гур, фæдти æскъот…

Æма, æвæдзи, айдагъ Олег нæй уæхæн уавæри. Еци тугъди ка архайдта æма цардæгасæй æ райгурæн къæсæрбæл ка исæмбалдæй, етæ, ку зæгъæн, еци уæззау хъиамæти бæнттæ некæд феронх кæндзæнæнцæ.



**Тугъдонтæ-интернационалистти Бони фæдбæл Ирæфи райони арæзт мадзæлттæй еуеми архайгутæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): СИХЪОТИ Æхсарбег, ТАУАСИТИ Артур, БЕТРОЗТИ Майрæн, ТАДЕТИ Артур, МАЛИТИ Олег æма МИТЦИТИ Марат.**

Фал син уæддæр еци тугъд æ хъазауати разæй бал фиццагидæр иссæй, цард æма мæлæти 'хсæн хъæбæр нарæг къахнадбæл ранæхстæр уогæй, лæгдзийнадæ бавдесун дæр æма фæййервæзун дæр кæми гъудæй, уæхæн догæ. Уой туххæй Малити Олег уотæ зæгъуй:

– Знаги хæццæ нæ комкоммæ тохун дæр куд нæ багъæуидæ. Фал устур бæлах ба е адтæй, æма нин ахид уотæ комкоммæ, лæгæйлæгмæ тох кæнун нæ рауайидæ, фулдæр хæттити нæ моджахедтæ нæ фæсонтæмæ къумтæй æхстонцæ, цубурдзурдæй, фулдæр «партизанти» хузи тухтонцæ нæ хæццæ. Гъулæггагæн, ме 'мбæлттæй беретæ фæммард æнцæ. Нур дæр ма мæ цæститæбæл уайунцæ сæ рохс сорæттæ. Рохсаг уæнтæ. Æвæдзи мæн ба Цитгин Уасгерги гъæуай кодта.

Олеги хузæн Уасгерги бæргæ берети багъæуай кодта, фал сæ тугъдон æмбæлттæй кæмæдæрти еци амонд не 'рхаудтæй. Еци тугъди финддæс минемæй фулдæр советон æфсæддонти фæммард æнцæ, æбæрæгæй дæр си дзæвгарæ фесавдæй. Нур дæр ма сæмæ сæ хеуæнттæ æнгъæлмæ кæсунцæ...

Куд зонæн, уотемæй 1979 анзи Советон Цæдеси разамунд, Афганистани Демократон Республики АДР уæди разамунди курдиадæбæл исарази æй, цæмæй син фæййагъаз кæнонцæ бæсти гъæугæ æгъдау æрфедар кæнуни гъуддаги. Фараст анземæй фулдæр етæ фæттухтонцæ душманти нихмæ. Фал 1988 анзи апърели ба ци Женеваг бадзубандигонд федаргонд æрцудæй, уой домæнтæмæ гæсгæ гъæуама советон æфсæдти ракодтайуонцæ Афганистанæй. Советон Цæдес æхемæ райста е 'фсæдти къуар уордигæй фараст мæйемæ ракæнуни ихæс. Æма уой æнхæст кæнун райдæдта 1988 анзи 15 майи æма 'й æнхæстгонд фæцæй 1989 анзи 15 феврали.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма советон æфсæддонтæ Афганистанæй ракæнуни фæсте ма уоми байзадæнцæ, душмантæмæ уацари ка бахаудтæй, еци советон æфсæддонтæ. Етæ ци бацæнцæ æма сæ карнæ куд рауадæй, е абони дæр æнхæстæй бæрæггонд нæма æрцудæй. Берæ цидæрти æма цæйдæрти фудæй. Фиццагидæр, æвæдзи, уомæ гæсгæ, æма Афганистанæй советон æфсæдтæ ку рацудæнцæ, уæд ССР Цæдес раздæри хузæн æнгом нæбал адтæй. Фæстæдæр ба бустæги исæмæнтъери æй бæстæ. Æма мæстæй сæ хъурмæ ка адтæй, еци тугъдæфхуæрд «афгайнæгтæ» иронхуати райзадæнцæ æхсæнадæй дæр æма уæдиккон хецауадæй дæр. Е куд æнæраст гъуддаг адтæй, уобæл фæстæдæр бæсти разамунд бæргæ басастæй.

Афганистани зæнхæбæл тугъди Цæгат Иристонæй дæр архайдтонцæ беретæ, се 'хсæн адтæй силгоймæгтæ дæр, уотемæй æдеугурæй æхсæзинсæй адæймаги.

– Мæ хæццæ се 'фсæддон ихæс æнхæст кодтонцæ Дигори районæй **Хъарати Виталий**, **Мæрзойти Дзамболат**, Алагири районæй Кæсæбити Хъазбег, Ирæфи районæй **Тауасити Артур** æма **Бабочити Батраз**, – зæгъуй **Малити Олег**. – Мадта мæн размæ дæр, мæн фæсте дæр Афганистани сæ интернационалон ихæс æнхæст кодтонцæ нæхе æфсæддонтæ Ирæфи районæй: **Цæукъати Маирбек**, æнсувæртæ **Мудойти Тимур** æма **Алик**, **Увжихъоти Астан, Бичилти Алан, Таухъазахти Авдан, Темирати Давид, Тауасити Артур, Гегкити Батраз, Хъулчити Марат, Елойти Димæ, Мæхæмæтти Рамазан, Сихъоти Æхсарæ, Бузарти Æфсатий, Тадети Олег, Митдзити Марат** æма æндæртæ. Гъулæггагæн, Лескени гъæуккаг **Дашити Азамат** ба фæммард æй.

Афганистани зæнхæбæл тугъдон цаути фæммард æнцæ финддæс мин советон æфсæддони, рæнгъонтæй ба афицертæ æма инæларти уæнгæ. Уонæй æвддæс æма æртинсæй цардбæллон лæхъуæни адтæнцæ нæ минкъий Иристонæй. Советон 311 тугъдони фесавдæнцæ æбæрæгæй. Еци тугъди гъæдгинтæ нерæнгæ нæма бадзæбæх æнцæ адæми зæрдити.

Афганистани зæнхæбæл нæ тугъдонтæ цæйбæрцæбæл æхсаргинæй бавдистонцæ сæхе, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма си 72 тугъдонемæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. 270 тугъдони æма афицери Цæгат Иристонæй сæ бæгъатæрдзийнадæ æма лæгдзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ аллихузон ордентæ æма майдантæй.

Абони нæ республики цæруй Афганистани тугъди 793 ветерани æма, еци тугъди ка фæммард æй, еци тугъдонтæ-интернационалистти 91 бийнонти. Уони 'хсæн ес инвалидтæ æма сæйгитæ дæр. Æма етæ цæмæй æнæргъудийæй ма изайуонцæ, уой туххæй арæзт цæуй аллихузон мадзæлттæ.

Уæлдай цитгин ба сæ искæнунцæ тугъдонти-интернационалистти Бони. Куд раздæри æнзти, уотæ аци анз дæр бабæй нæ республики еугур рауæнти дæр арæзт æрцудæй кадгин мадзæлттæ. Зæгъæн, Дзæуæгигъæуи ци мемориалон комплекс ес, уоми исаразтонцæ имисæн мадзал. Архайдтонцæ си Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, Парламент æма Дзæуæгигъæуи администраций разамунди минæвæрттæ, Афганистани, Цæцæни æма Абхазий тугъдтити ветерантæ, уоми ка фæммард æй, еци тугъдонти ниййергутæ æма хеуæнттæ... Дзиллон мадзæлттæ арæзт æрцудæй республики районти дæр. Зæгъæн, зæрдæмæдзæугæ хузи бæрæгбон бæрæггонд æрцудæй Чиколай культури Хæдзари æма райони кинугæдони косгути хъæппæресæй. Лескейнаг лæхъуæн **Дашити Азамат** фæммард æй, Афганистани зæнхæбæл æ интернационалон ихæс æнхæстгæнгæй. Абони æ ном хæссуй æ райгурæн гъæуи сувæллæнти рæвдауæндонæ. Æма ин ами æ рохс ном æримистонцæ сæрмагондæй арæзт мадзæлæй. Æхсæрисæри гъæуи дæр се 'мгъæуккаг æдзард тугъдон-интернационалист Темирати Давиди кадæн астæуккаг скъолай исаразтонцæ номерæн мадзал.

Аци мадзæлттæн сæ еугуремæн дæр сæ сæйраг медес æй, цæмæй патриотон гъæмбæладæ ирæзгæ фæлтæри 'хсæн ахедгæдæр кæна, æнхæстæй зононцæ нæ Фидибæсти цардвæндаги цаутæ æма хабæртти æцæгдзийнадæ, сæ ирæзгæ уодти федар кæна Райгурæн бæстæбæл æновуд ун æма æ сæрбæлтау рæстуодæй хъазауатмæ цæттæдзийнадæ. Ци бæгъатæрти кой си ракодтонцæ, уонæй ба сæрустур куд уонцæ, сæ карни нæдтæбæл ранæхстæр уогæй сæ лæгдзийнадæй куд фæнзонцæ.

Уæдта ма федарæй уой зæгъуйнаг ан, æма Афганистани тугъди архайгути хъазауат æма лæгдзийнæдтæ нæ дзиллитæй иронх некæд уодзæнæнцæ...

***БИЧИЛТИ Алетæ***

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Машков Игорь Анатолийи фурти райгурдбæл 23 феврали æнхæст кæнуй сædæ анзи (1924-1961). Æхуæдæг куд амудта, уотемæй адтæй ирон.**

***«Адæмон фронт. Алцидæр – уæлахезæн» – аци Еугуруæрæсеуон хуæрзауодæн марафони разæнгардæй архайунцæ Цæгат Иристони дзиллæ дæр. Мадзали рæстæг æрæмбурдгонд фæрæзнитæй æлхæд æрцæудзæнæнцæ æфсæддон операций архайгутæн аллихузон гъæугæ дзаумæуттæ. Æма син сæ раветдзæнæнцæ аци мæйи кæрони.***



САКЪИТИ Игорь (галеуæрдигæй дуккаг) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ.

# НÆ ХУÆЗДÆРТИ ХУÆЗДÆРТÆЙ НИН АДТÆЙ…

Сурх-Дигори цæрæг Сакъити Сослæнбеги бийнонтæмæ 1967 анзи бæнттæй еуеми адæм уадæнцæ зæрдиаг арфити хæццæ: «Хуцауи фæндæй уæ нæуæгигурд фурт амондгун къахдзæф æрбакæнæд уæ къæсæрбæл!..» Бийнонтæ дæр сæ фурциййæй ци ракодтайуонцæ, уой сæхуæдтæ дæр нæбал лæдæрдтæнцæ. Уайтæккæдæр пеци арт гур-гургæнгæ исцирен кодта, хæдзари æфсийни къинсæ уæд утæ тагъд рангъизтæй, æма сæ гахæ ма лæпп-лæпп кæмæн кодта, уæхæн къеретæ фингæбæл февзурдæнцæ. Куд гъæуама нæ бакувтайуонцæ хеуонтæ, синхонтæ зæрдибунæй нæуæгигурди цæрæнбони туххæй.

Æма абони, еци нæуæгигурд, уой фæсте дессаги лæхъуæнæй ка рабайлæгъ æй, еци Игори туххæй дзоргæй, куд нæ æримисæн æ хъиамæтгун нийиергути дæр…

«Уорс хонхæй уорс дор тулуй», – уæхæн æй адæмон æмбесонд. Сувæллон сабийæй æ зæрдæбæл ци бадара, уой сауæнгæ æ рамæлæти бонмæ дæр некæд феронх уодзæнæй.

Сакъити Салати фурт Сослæнбег райгурдæй 1936 анзи Æхсæуи – Сакъити мугкагæн Дигоргоми сæ бундорон гъæуи. Берæ курухон адæймæгутæ си цардæй, берæ дзурддзæугæ, арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхæг лæгтæ си рацудæй.

Уони фарнæ хаста Сослæнбег дæр. Скъола каст фæууни фæсте, куд æ иннæ æмгæрттæ, утæ фæллойни гъуддæгути бацудæй. Уæдмæ имæ фæдздзурдтонцæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ æма 1955 анзи æрвист æрцудæй Харькови облæсти Чугуеви сахармæ. Уордигæй 1958 анзи исæздæхгæй, косун райдæдта Фиййагдони шахти.

Фæстæдæр, растдæр зæгъгæй ба 1966 анзи Сослæнбег бийнонти гъуддаг бакодта, æ цард байеу кодта Хутъиати Михали кизгæ Луизи хæццæ. Дууæ æригон адæймаги кæрæдзей нимайгæй æма лæдæргæй кодтонцæ сæ царди хабæрттæ. Уæдмæ син исæнтæстæй фуригъоли хузæн бæдолæ. Уоййасæбæл ци цийнæдзийнадæмæ бæлдтæнцæ, е сæбæл æрцудæй. Игори (утæ исхудтонцæ сæ фурти) фæсте ма син никкидæр исæнтæстæй цæуæт – фурттæ Арсен æма Алан.

Цæрунгъон бийнонтæ амонди берæ хуарздзийнæдтæмæ куд нæ бæлдтайуонцæ, фал... Сослæнбег уæззау сæйгæ фæцæй æма 1996 анзи бацудæй е 'цæг дуйнемæ. Уæд ибæл цудæй æдеугурæй æртинсæй анзи – æ тæккæ лæги кари адтæй. Бийнонтæ райзадæнцæ сæ мадæ Луизи евгед. Силгоймаги зæрдæ фæлмæн куд æй, федар дæр утæ 'й. Нæ фæттарстæй зинтæй Луизæ. Æ цардæмбал æ зæнхон царди ци фарнæ хаста, уой ниллæгдæр не 'руагъта. Æ зæнæг царди тонхи рауагъта, адæми æмрæнгъæ цæунгъон æма цæрунгъон иссæнцæ. Гъулæггагæн, Луизæ дæр æрсæйгæ 'й æма 2020 анзи бацудæй е 'носон дуйнемæ, æвддæс æма æртинсæй анзи ибæл цудæй…

Нур ба нæ идарддæри дзубанди æй Игори туххæй. Райдайæн къласте каст фæцæй Сурх-Дигори, уæдта бийнонтæ сæ цæрæн бунат раййивтонцæ Беслæнмæ. Уæди рæстæги царди нæхъæртондзийнæдтæ адæми хъæбæр батухсун кæниуонцæ гъæути цæргути. Куст си нæ адтæй, айдагъдæр колхози дæ нихбунтæ æстъегъæ бонсауæй-изæрмæ марамæлай къæбæрбæл, æндæр ци гъæуама райстайсæ будуйрон æма æндæр æгæрон кустити. Уомæ гæсгæ ба беретæ хуæздæр цардæнгъæлдзау лигъдæнцæ сахартæмæ. Уоми кустуæтти уæддæр адтæй равгæ сæ бийнонтæ фæддаруни фагæ мизд бакосунæн.

Беслæни астæуккаг скъола каст фæуугæй, Игорь идарддæр ахур кæнуни фæндæй бацудæй гъæуунхæдзарадон институти экономикон факультетмæ æма си райста экономисти дæсниадæ.

Институти фæсте службæ кодта Советон Æфсади рæнгъити, Североморски денгизон флоти. Фæсслужбæ Игорь исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ. Æма 2007-2023 æнзти куста Рахесфарси районы субсидити управлении хецауæй. Цийфæнди зин æма бæрнон кустбæл хуæст ку уай, уæддæр, ци коллективи 'хсæн косис, етæ дæ ку нимайуонцæ, дæхецæн, уæдта дин дæ кустæн аргъ ку кæнонцæ, уæд дуйæ хатти æнцондæр косæн фæууй. Адæймагмæ хуæздæр æма уæлиаудæр цидæриддæр æууæлтæ фæууй, уонæй æнхæст адтæй Игорь.

Æнæкæрон берæ уарзта Игорь æ райгурæн бæстæ, æхе алкæддæр нимадта æ еузæрдиуон бæдолæбæл. Уомæ гæсгæ ба, сæрмагонд æфсæддон операци ку райдæдта, уæд Сакъий-фурт барвæндонæй фæннæхстæр æй уоми Уæрæсей æфсади рæнгъити архайунмæ. Еци рæстæг Сакъити Игорь æхе куд бæгъатæрæй равдиста, уобæл дзорæг æнцæ æ хуæрзеугутæ: майдан «Инæлар А.П.Ермолови номбæл», майдан «Иристони намуси кадæн».

Алли хатт дæр Игорь æд лæгæхсарæ æмпурсæнтæ кодта разагдæрти хæццæ. Уой фæдбæл æ роти командир утæ финста: «Игорь адтæй хъæбæр æдæрсгæ адæймаг, лæгигъæдгун, е 'мбæлттæ ибæл адтæнцæ æнковд. Рæстдзийнадæ Игорь нимадта адæймаги сæйрагдæр менеуæгбæл.

Æ тугъдон æмбæлттæн Игорь алкæддæр цудæй сæ разæй, æхемæ иста тæккæ зиндæр æнхæстгæнæн ихæстæ. Сæрмагонд тугъдон операций Игорь архайдта 259 десантон полкки. Е 'мбæлттæ æмцъухæй Игори худтонцæ сæрæн æма нифсхаст…»

...Игорь ци æнамонд саубони бастъалдæй, еци бон дæр десантон къуар се 'фсæддон ихæстæ æнхæст кодтонцæ нæуæг позицитæ байсуни фæдбæл. Сæ размæцуди сæ хъæбæр хъор кодтонцæ АТС, артиллерий зелгæ фатадзагъд, минометти нæмгутæ ехуарæгау æгъзалдæнцæ арвæй, зæнхæ хумгонд фестун кодтонцæ, никки ба ма еци уæззау тугъдути Игори къах фæцæфæй снаряди æрхъезæй, бæргæ 'й æрвистонцæ госпитæлмæ, фал нæ бакумдта, нецы мин æй, зæгъгæ, æз ме 'мтохгæнгути нæ ниууадздзæнæн. Æхе къах уæззау цæф угæй, æ рагъи хаста иннæ цæф æфсæддони, æ рист нецæмæ даргæй. Дуккаг æрхъез ибæл ку исуадæй, уæдта нецибал балæдæрдтæй… Æ фæсмæрдæ ин аккаггонд æрцудæй «Лæгигъæди орден».

Мах нæ зонæн, Игорь, æ уод есгæй ма цæбæл сагъæс кодта, уой… Фал нæмæ цæмæдæр гæсгæ ба утæ кæсуй, цума æ фæстаг мæтæ адтæнцæ, æ фæсте седзæрæй ци кизгæ æма биццеу изайунцæ, етæ. Ка 'й зонуй, æ зæрдæ уæлдай хъæбæрдæр тухстæй, хуæрзæригонæй седзæргæсæй ка райзадæй, æ цардæмбал Ходи Хазби хуæрзæригонæй е 'носон дуйнемæ кæмæн бацудæй æма еунæгæй æ фурт ка гъомбæл кæнуй, æ еци кизгæ Фатимæбæл, уæдта, æ киндзæсæвæрмæ утæ хъæбæр кæмæн бæлдтæй, æ еци фурт Сослани амондбæл ке нæбал бацийнæ кæндзæнæй, етæ… Ка 'й зонуй, еуцæйбæрцæдæр æнцон ин адтайдæ уомæй, æма етæ дууемæй дæр сæ царди хабæрттæ æнтæстгинæй кæнунгъон æнцæ.

Сæ хъазар сæрæнигурдбæл абони дæр, уæдта ма дзæвгарæ рæстæгути дæр хъонц кæндзæнæнцæ бийнонтæ, Сакъити муггаг, еугур Иристони дзиллæ дæр. Еу мехцох бабæй фæцæй нæ Дигорæ. Фал дзæгъæли æй сæ хъонц Сакъити цитгин муггагæн. Бæгъатæртæ адæми зæрдити мæлгæ нæ кæнунцæ, уони цард æносон æй… Æма уæхæн æносон иссæй æ ном Сакъити Сослæнбеги фурт Игорæн дæр.

Æз ба ин æ рохс ном ерун, мæнæ æ кадæн ци æмдзæвгæ ниффинстон, уомæй.

Цубур æнцæ царди нæдтæ,
Æгъиццаг ба сæ кæрон.
Зинтæ уадзунцæ сæ фæдтæ,
Фал син неци æй нæ бон.

Зин æй æ уаг тугъдон лæгæн,
Æмхец имæ 'й топпи фат.
Æ хор бон дæр тæдзунæг æй,
Мети хъæпæн – æ боц уат.

Тохи истадæй реуæмбæрцæ
Сакъити лæхъуæн Игорь.
Бæстæмæ уарзт – æнæбæрцæ
Æ гъудий конд – кæрз цæхгæр.

Уой е 'мбæлттæ хуарз зудтонцæ,
Нимадтонцæ 'й – æгæрон.
Фурбоцæн æй ку худтонцæ,
Фæсномугæй – Дигорон.

Цард нивондæн ка æрхæссуй,
Фидибæсти сæрбæлтау.
Зæрдитæй е нæ æртæсуй
Исуй махæн изæдау.

Знаги нихмæ тохи карзи
Иссердтай ду дæ мæлæт,
Дæ кæстæртæн ба сæ рази,
Дæ адзал нифсæн фæууæд.

Игорь – сæрæн хуарз æнгарæ,
Нæ гъæйтт, зæгъгæ, æнсувæр.
Нæ фæуунгæй дæ дзæвгарæ,
Не 'рхун уидæ фур хъæбæр.

Нур дæ над рандæ 'й уæларвмæ,
Бæрзондæй нæмæ кæсис.
Нур уордигæй царди гъармæ
Кæд тæходуйтæ кæнис.

Кади рæнгъи дæ циртдзæвæн,
Нæ бæгъатæрти æхсæн.
Рохсæй нæмæ æрттевдзæнæ,
Нæ сæр ди бæрзонд хæссæн.

***ХАЙМАНТИ Антонинæ.***
***Мæцути скъолай директори хуæдæййевæг.***



САКЪИТИ Сослæнбег æма æ цардæмбал САКЪИТИ-ХУТЪИАТИ Луизæ.



Народные массы Афганистана, искренне благодарные советским воинам за содействие в обустройстве мирной жизни, тепло провожали их домой...

# ПОЗИТИВНЫЕ ПЕРЕМЕНЫ

15 февраля исполняется 35 лет со дня вывода советских войск из Афганистана. За прошедшие десятилетия неоднократно менялась оценка тех известных афганских событий последней четверти минувшего века: от восторженных «С поставленной задачей успешно справились!», «Интернациональный долг выполнили!» до полного неприятия, даже осуждения участия наших соединений и частей в боевых действиях на территории граничившего с СССР южного соседа. Более того, ввод и пребывание ограниченного контингента советских войск в Афганистане стали называть одной из причин развала Советского Союза – дескать, экономика страны не выдержала непосильной военной нагрузки, а наша армия, потеряв в афганской войне за неполные десять лет 15 тыс. солдат и офицеров, а также бесчисленное множество оружия и боевой техники, потерпев серьезное поражение, была вынуждена убраться восвояси.

Ветераны-«афганцы» обычно не называют те события войной. К концу 70-х годов прошлого столетия в реальной мощи советских вооруженных сил не сомневались даже в США, чьи военные базы опутали фактически всю планету, чья экономика, занимавшая первое место в мире, способна была надежно обеспечить военно-политическое прикрытие ее глобальных интересов и амбиций. Следует подчеркнуть: если Советскому Союзу понадобилось бы использовать в Афганистане лишь некоторую часть своего военного потенциала и боевого арсенала, наверное, все горы этой страны можно было сровнять с землей, превратить ее территорию в безжизненную, безлюдную пустыню.

Но мы шли туда не воевать, не видоизменять прекрасный по-своему природный ландшафт этой страны! Шли оказать помощь афганскому народу в становлении народной власти, в защите завоеваний Апрельской революции 1978 года от внешних угроз и внутренних врагов. Так же, как задолго до этого многие-многие годы советские специалисты помогали здесь возводить промышленные предприятия, строить школы, больницы, дороги, совершенствовать и развивать инфраструктуру, готовить национальные кадры. И входили не самовольно, а по настоятельной, неоднократно повторенной просьбе законного правительства ДРА. В отличие, например, от армии США, некоторых ее союзников по НАТО, которые с начала XXI века без малого двадцать лет бесцеремонно размещались и без какого-либо международно признанного мандата действовали в Афганистане, в конечном итоге позорно бежав оттуда.

Ограниченный контингент советских войск со стоявшими тогда перед ним задачами в целом справился. Наши воины выходили «из-за речки» по Хайратонскому мосту и в других местах с гордо поднятыми головами, с развернутыми, празднично развевавшимися боевыми знаменами соединений и частей. И Родина достаточно высоко оценила ратный труд и подвиг воинов-«афганцев». Всем им, участвовавшим в боевых действиях, было присвоено звание воинов-интернационалистов, день окончательного вывода войск из Афганистана, 15 февраля, назвали Днем памяти воинов-интернационалистов, а законом «О ветеранах» предусмотрели определенные льготы как ветеранам боевых действий.

Уместно также особо отметить, что наши «афганцы» оставили о себе добрую память как среди простых жителей до сих пор охваченной войной Исламской Республики Афганистан, так даже и у прежде заклятых врагов – убитого позже террористами лидера этнических таджиков Ахмадшаха Масуда, этнического узбека генерала Дустума и других. О «шурави» – советских специалистах и воинах советской армии – здесь до сих пор (!), уже с приходом к власти талибов, выдворивших из страны ненавистных янки, отзываются с уважением, вспоминают с нескрываемой ностальгией.

К сожалению, постперестроечное высшее руководство России и значительная часть российского общества, пережившего со всей страной шок от развала некогда великого Советского Союза, занятые новыми заботами, решением насущных проблем «лихих» 1990-х годов, последующим стремлением «поднять с колен» развaленную социалистическую экономику, сменили ранее данные афганским событиям положительные оценки на противоположные. Более того, ввод в Афганистан и пребывание там советских войск стали считать политической ошибкой, стратегическим и тактическим провалом. Признаюсь, было досадно и обидно, что в Российской Федерации, объявившей себя правопреемницей СССР, будто бы считали обузой, «неудобной», саму суть интернациональной миссии наших воинов в ДРА и хотели бы стереть этот период из фактически недавней истории прежде единой страны. На официальном уровне стали избегать упоминаний о той многолетней эпопее, видимо, стремясь предать ее забвению. Даже на юбилейных мероприятиях, посвященных выводу войск, редко можно было увидеть верховного главнокомандующего, председателя правительства, других высших должностных лиц Российской Федерации.

Например, помню, как в феврале 2014 года на торжественном собрании ветеранов-«афганцев» в Большом кремлевском дворце, где и мне довелось присутствовать, из руководства страны принимал участие только губернатор Московской области, бывший командующий 40-й армией, Герой Советского Союза генерал-полковник Борис Всеволодович Громов, не забывший о своих соратниках – бойцах и командирах, выступивший с докладом и поздравивший собравшихся с 25-летием успешного завершения афганской эпопеи.

Новый подход к осмыслению, к давно ожидаемой позитивной переоценке афганских событий наметился лишь после 2016 года, когда к России за помощью обратился президент Сирийской Арабской Республики Хафез Асад. Его страну, большую часть которой уже занимали боевые отряды ИГИЛ (запрещенной в России и ряде других государств террористической группировки), ожидала настоящая катастрофа – полное поглощение созданным террористами так называемым «Исламским халифатом». Совет федерации одобрил соответствующий запрос верховного главнокомандующего Вооруженными силами России на оказание такой помощи.

Ее результат известен: в течение двух последовавших лет при непосредственной поддержке наших ВКС, моряков, разведчиков, саперов, ракетчиков и артиллеристов, военных советников сирийская армия очистила от многотысячной орды бандитов всех мастей больше 70% своей республики, готовится к завершающим освободительным операциям на севере и востоке страны. В Сирии уже налаживается мирная жизнь, в чем опять-таки активно помогает Россия. И можно с уверенностью сказать, что российские военнослужащие, как 35 лет назад советские солдаты в Афганистане, свой воинский и интернациональный долг в Сирийской Арабской Республике выполнили.

Заслуги тех и других одинаково дороги и ценны для нашей Родины. И это теперь снова начинают осознавать и признавать российская общественность, высшее руководство, правительство страны.

На фоне начавшейся почти два года назад специальной военной операции по демилитаризации и денацификации Украины публичная смена позиции, быть может, не очень заметна: все наше внимание сейчас сосредоточено именно на СВО. И это вполне закономерно! Но то, что делают, чем днем за днем, месяц за месяцем занимаются наши солдаты, сержанты, офицеры на более чем тысячекилометровой линии боевого соприкосновения с противником, отчасти очень близко для выполнявших интернациональный долг в Корее, во Вьетнаме, в Афганистане, Сирии и в других государствах. Более того, российские воины идут вперед с особой миссией – освободить от бандеровской власти наших кровных братьев в Донецке, в Луганске, в Запорожье, на Херсонщине. Они – достойные наследники ветеранов Великой Отечественной войны, продолжатели славных боевых традиций воинов-интернационалистов. И не случайно все участники СВО также получают федеральный статус ветеранов боевых действий.

Налицо неразрывная связь многих поколений вооруженных защитников матушки России независимо от того, как она за свою многовековую историю называлась: Московская Русь, Российская Империя, Советский Союз или нынешняя Российская Федерация. И эту связь никому не разрушить! В единстве и боевом братстве – наша сила! В этом – основа наших достижений и побед, в этом – залог и одно из главных условий нашей обязательной предстоящей победы.

***Виктор АБРАМОВ,***
***участник боевых действий в Афганистане.***
*(Газета «Советская Россия» от 13 февраля 2024 г.)*

## СВИДЕТЕЛЬСТВО ОЧЕВИДЦА



**Валентин ВАРЕННИКОВ (1923-2009), генерал армии, Герой Советского Союза: «Мы в те далекие уже годы не только боевыми действиями и прочими силовыми методами добивались того, чтобы народ Афганистана жил спокойно, но и участвовали в проведении политики национального примирения... Но самое главное – мы и не собирались делать ничего плохого для мирного населения. Когда нам пришло время уходить, тысячи жителей Афганистана провожали советские войска с сожалением, с цветами и слезами на глазах. Я был тому свидетелем и никогда этого не забуду... В Афганистане помнят, что «шурави», в отличие от солдат НАТО, обували, одевали, кормили, обеспечивали работой афганцев, строили промышленные предприятия, поднимали сельское хозяйство страны...»**

***ГОСТИТИ Ларисæ, историон наукити кандидат: Салæгати Зойи цардвæндаги гъуддæгути агъазиаудзийнадæ æ рæстæги дæр бæлвурд адтæй, уæлдай ирддæрæй ба сæ рабæрæг кодта рæстæгути тæрхондзийнадæ. Нæ Иристонæн, нæ адæмæн ци берæ хуæрзти бацудæй, уомæй си абони дæр ма боз æма сæрустур ан...»***


САЛÆГАТИ Зойæ

# Æ ФÆСТЕ НИУУАГЪТА АРФ ФÆД

1 Æ наукон архайд уоййасæбæл æнцонтæй нæ адтæй. Хуæнхаг æма будуйраг гъæутæбæл, сауæнгæ сæ тæккæ идæрдтæбæл æвæллайгæй фæззелæ, æмбæлæ уоми цæргути хæццæ, финсæ æма финсæ уони дзубандитæ нæ адæми цъухæйдзоргæ исфæлдистади уадзимистæ. Уобæл исхарз кæнæ дæс анземæй фулдæр, æрмæг рартасæ, жанртæбæл æй ниддехтæ кæнæ, барæвдзæ сæ кæнæ, фæстæдæр сæ дууæ томемæй рауадзæ дуйней рохсмæ. Æма еци арфиаг гъуддаг кæрæй-кæронмæ исæнхæст кæнун бантæстæй Салæгати Зойæн – æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад»-и мухури фиццаг хатт рацудæй 1961 анзи, дуккаг хатт ба æнхæстдæрæй – 2007 анзи. Аци академион дууæтомон рауагъди редактор ба адтæй номдзуд Абайти Васо.

**Аци хабар нæ адæмæн æностæмæ зæрдæбæлдаруйнаг æй. Абони ба 'й уомæ гæсгæ æримистан, æма филологон наукити доктор, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети профессор, Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони наукæ æма техники æскъуæлхт архайæг Салæгати Мирони кизгæ Зойи райгурдбæл 13 феврали исæнхæст æй сæдæ анзи (1924-2011). Æма ин аци æрмæгæй ерæн æ рохс ном.**

Нæ радзубанди ба Салæгати Зойи арæзт дууæтомон æмбурдгонд «Ирон адæмон исфæлдистадæ»-й хумæтæги нæ райдæдтан. Еци къабази архайæг номдзуд ахургæндти гъудимæ гæсгæ уæхæн бундорон, алæмæти наукон-рохсадон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци гъуддаг исаразун æ бон исуодзæнæй устур зонундзийнæдти æма федар уоди хецауæн. Æма айдагъ æ исаразунæй нæ фескъуæлхтæй Салæгати Зойæ. Уæди рæстæгути цардарæзти фæткитæ уæхæн адтæнцæ, æма наукон кенæ аййевадон уадзимистæмæ хъæбæр карз партион цæстдард цудæй, уæди идеологон «хъæлагъурти» æнæ аразийæй рæстæвæндаг неци кодта, уæдта сæмæ хаттæй-хатт æгириддæр си ка нæ гъудæй æма си федаугæ ка нæ кодта, уæхæн æййивддзийнæдтæ бахæссун кæниуонцæ. Еци хузи «фæррæвдзæдæр» кæнунмæ гъавтонцæ æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад» дæр. Цæветтонгæ, аци æмбурдгондмæ æрмæгутæ бахаста, адæм ин сæ алли раууæнти сæхе æвзагæй куд раддзурдтонцæ, утемæй. Уæди уæлдæрлæууæг унаффæгæнгутæ ба си агурдтонцæ, дигоронау æма къудайрагау си ци уадзимистæ адтæй, етæ дæр ирон æвзагмæ тæлмацгонд куд æрцæуонцæ. Сæ ръæугæ адтæй: «Куд æнцæ, утемæй адæмæн лæдæрд нæ уодзæнæнцæ...» Зойæ сæ еци загъдбæл нæ исарази æй: «Куд нæ уодзæнæнцæ?.. Сæхуæдтæ сæ утемæй нæ исфæлдистонцæ?!»

Еузагъдæй, карз фæллæудтæй еци æдзæлгъади миуи нихмæ, нæ син басастæй, æдзæстхезæй исдзурдта наукон æма уодварни рæстдзийнади сæрбæл, фæууæлахез æй. Æма си абони уæлдай арфиаг ан, æгайтима нин æй хъазауати фæрци багъæуай кодта нæ адæми исфæлдистади æцæгдзийнадæ.

* * *

Салæгати Зойи цардвæндаги хабæрттæ æма наукон-æхсæнадон архайд уоййасæбæл цæмæдессаг æнцæ, æма сæбæл кæрæй-кæронмæ æрдзорун бæргæ æнгъезуй, фал газети равгитæмæ гæсгæ нин абони уæхæн фадуат нæййес. Уомæ гæсгæ ба нæ дзубанди, гъулæггагæн, цубуртæгомау рауайдзæнæй.

Салæгати Зойæ 1946 анзи хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл педагогон институт (нури паддзахадон университет). Æ ахури рæстæгутæ æримисгæй, зæрдиагæй ракæнидæ æ ахургæнгути кой, уæлдай арфиаг ба адтæй нæ нормдзуд поэт Дзанайти Иванæй (Нигерæй). Раст уодзæнæй уотæ зæгъун дæр, æма уонæй уоййасæбæл боз уогæй, уони хузæн æ царди сæйрагдæр гъуддагæн равзурста наукон куст. Салæгати кизгæ æхе федар исбаста æ уарзон ахургæнæндони хæццæ, рацудæй си лаборанти дæсниадæй профессори уæнгæ.

Нуртæккæ ахургæндтæ архивтæмæ куд æнцонæй нивналунцæ æма си гъæугæ, бæлвурддæрæй ба фольклорон æрмæгутæ куд фæндонæй иссерунцæ, раздæри рæстæгути ба уотæ нæ адтæй. Ахургæндтæ уæд сæхуæдтæ адтæнцæ архивтæ аразæг. Гъудæй цæун адæми 'хсæнмæ, агорун, игъосун, финсун. Мирони кизгæ Зойæ æхуæдæг уарзта адæми хæццæ дзорун, сæ еугур имисуйнæгтæ син финсун. Хуæнхæгтæ ин дзурдтонцæ рагон царди хабæрттæ, цъухæйдзоргæ исфæлдистадæ адæми тæрхонмæ хастонцæ. Нуртæккæ дæр ма хæдзари æ архиви 'нцæ æ финститæ.

Фольклорбæл наукон, берæвæрсуг устур куст кодта университети лекцитæй уæгъдæ рæстæг, сæрдигон фæлладуадзæн дзамани. Уомæ Мирони кизгæ хъæбæр æнгъæлмæ кастæй, фæззиннидæ ин уарзон науки архайуни рæстæг. Æхуæдæг æ фæллад дæр некæд исуагъта, университети кастæй медесгун лекцитæ. Баст адтæнцæ уруссаг литератури хæццæ, æ истори, уруссаг адæмон исфæлдистади хæццæ, Советон Цæдеси адæмти литератури хæццæ, сæрмагонд къурситæ «Лев Толстой æма Кавказ», «Лев Толстой уруссаг критики», сæрмагонд семинартæ Пушкини роман «Евгений Онегин», «Пушкин æма Кавказ», Толстойи «Война и мир», студентти дипломон æма къурсон, аспирантти æма агоргути куститæн адтæй разамонæг. Адтæй университети литератури диссертацион совети иуонг.

Дæс анземæй фулдæр Салæгати Зойæ адтæй уруссаг æма фæсарæйнаг литератури кафедри разамонæг. Наукæмæ хъæбæр берæ æригон специалистти æрбахудта, раудæй си дæсни ахургæндтæ. Студентти хæццæ косгæй, Мирони кизгæ Зойæ архайдта филологон гъудикæнуйнадæ исæвæрун, – æцæг дæсни уомæй бæрæг фæддаруй. Æмдзæвгитæ финсæг студенттæмæ ин адтæй уæлдай зæрдхæлардæр рахастдзийнадæ. «Кæд поэт æй, уæд иннети хузæн нæй», – дзурдта Зойæ.

Æ студенттæ адтæнцæ Мæхæмæтти Ахурбег, Хъодзати Æхсар, Дзасохти Музафер, Джиккайти Шамил, Малити Васо, Хозити Барис æма æндæртæ. Æ еугур хуарз студентти дæр гъуди кодта, æхцæуæнæй æмбалдæй сæ алли устур æма минкъий æнтæститæбæлдæр. «Ирон адæмы сфæлдыстад» нерæнгæ æ гъудий дæр нæма адтæй. Зойæ 28-анздзудæй, 1951 анзи, ахурмæ бацудæй аспирантурæмæ, равзурста уруссаг литературæ. Иристонæй рацæугæ силгоймагæн е уæлахези хузæн адтæй. Æ разамонæг адтæй, литературæамонæг, археолог, этнограф-кавказамонæг, профессор Леонид Семенов, æма утемæй Салæгати кизгæ багъæуай кодта диссертаци. Зойæ ниффинста наукон куст «Хетæгкаты Къоста æмæ ирон адæмон сфæлдыстад».

Ленингради, Пушкинаг Хæдзари, хъæбæр хуарз багъæуай кодта æ диссертаци. Совети иуонгтæ – номдзуд профессортæ, ахургæндтæ, сæ хæццæ – Абайти Васо, утемæй Зойæ æхе цæттæ ахургондæй, наукон косæгæй равдиста. Уæд бавналдта æ сæйраг наукон кустмæ. Утемæй дуйней рохс фæууидта «Ирон адæмы сфæлдыстад». Университет къæрцгъос адтæй Салæгати кизги фæллæнттæмæ, рауагъдади ин рацудæнцæ наукон уаци 4 æмбурдгонди.

Салæгати Зойæ адтæй 100 наукон уаци автор, уони хæццæ – библиографион хæзна, монографи «Хетæгкаты Къоста æмæ ирон адæмон сфæлдыстад». Финст æрцудæй хъæбæр æнхæстæй, Къоста амонуни еугур фæззелæнтæ дæр си нимад æрцудæнцæ. Салæгати кизгæ е студентти хæццæ еци фарстабæл куста фæстæдæр дæр. «Ирон прозæйы тыххæй цыппар этюды» рауагъта 1970 анзи, уоми фæббæрæг кодта ирон литературон змæлди сæйраг нæдтæ. «Нузайлаг фыстæй романы онг» рацудæй 1980 анзи, уоми автор æртасуй ирон литератури игурæнтæ, æ жанрти исконд.

Салæгати Мирони кизгæ уодуæлдай куст бакодта æ докторон диссертацибæл. Исхудта 'й «Генезисы тыхстдзинæдтæ æмæ ирон прозæйы слæуд». Æ куст Мæскуй наукити академий Дуйнеуон литератури институти хъæбæр хуарз багъæуай кодта. Нæ литературæ XVIII æноси райдайæни æхецæн бундор ке исæвардта, уой исфедар кодта фæрстæбæл рагон финститæй, аргъауæнти къохфинститæ æма киунугутæй. Раздæр ирон литератури фæззинд хастонцæ XIX æносмæ.

Зойи уацтæ баст адтæнцæ Британиати Елбиздихъо, Цæликкати Ахмæт æма иннæ классикти нæмтти хæццæ. Мадта уруссаг финсгутæ Чехов, Достоевский, Белинский, Шевченко æма æндæрти юбилейти фæдбæл дæр финста уацтæ. Газет «Социалистическая Осетия»-йæн айдагъдæр бæрзонд цæттæдзийнади хæццæ ахургæндтæ финстонцæ уæхæн уацтæ. Салæгати Зойæ Уæрæсей

## САЛÆГАТИ ЗОЙÆ НÆ АДÆМÆН БАЛÆВАР КОДТА АЛÆМÆТИ НАУКОН-ЗОНАДОН ФÆЛЛÆНТТÆ













**Социалон рæстади Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 20 феврали. Æ нисанеуæг утемæйдæр лæдæрд æй, фал адæмбæл ести хуарзæй фæззиндзæнæй, е ба дузæрдуггагæй...**



**САЛÆГАТИ Зойæ (рахесæрдигæй) æ раздæри ахурдзаутæ ТМЕНАТИ Дзерассæ (астæуæй) æма ГАБИСАТИ Светлани хæццæ. Етæ дæр, куд æ ахурдзаутæ, уотæ бафæнзтонцæ сæ уарзон ахургæнæги æма сæ царди сæйраг гъуддагæн равзурстонцæ наукон исфæлдистадæ, зæрдиагæй ин æ фæдзæхститæ æнхæст кæнгæй, иссæнцæ зундгонд ахургæндтæ.**

нимад адтæй цæгаткавказаг литератури ахсгиаг фарстати æма кавказаг-уруссаг литературон бастдзийнæдти фæдбæл экспертæй. Хъæбæр берæ рæстæг лæвардта диссертацитæ æма киунугутæн рецензитæ финсунæн, бацæттæ кодта æригон аспиранттæ æма ахургæндти.

Зойæ ци æрмæгутæ финста, етæ бæрæг дардтонцæ бавналдæй, хъæбæр лæмбунæг рахастдзийнадæй, уруссаг, ирон кенæ дуйнеуон литературити 'хсæн бастдзийнæдтæ агурдта. Уотемæй фæззиндтæй Малити Геуæргий тухxæй берæвæрсуг æрмæг дæр. Е 'сфæлдистадæ ин равзурста, æ царди еугур фæззелæнтæ дæр æрæмбурд кодта, уотемæй æй равардта журнал «Вестник СОГУ»-мæ. Фал æй нæ рауагътонцæ, æрмæг фесавдæй.

Салæгати Зойи наукон архайдæн аккаг аргъ искодтонцæ: берæ хуæрзеугути, кадгин нæмтти хецау адтæй. Айдагъ «Уæрæсей Федераций уæлдæр профессион ахуради кадгин косæг», «Уæлдæр скъолай хъæбæр хуарз косæг», «Берæанзиккон наукон-педагогон æма æхсæнадон архайди тухxæй», УСФСР паддзахадон комитети арфæ, нæ республики Сæйраг Совети Кади гæгъæдитæ, майдантæ – уонæн æвдесæн.

Мирони кизгæ Зойæ 1995 анзæй 2006 анзи уæнгæ куста университети æма Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти наукон институти. Æ бон бацæй мухурмæ 10 киунуги бацæттæ кæнун, дуйней рохс фæууидтонцæ æ 20 кусти. Мадта Хетæгкати Къостай кустити æртиккаг том мухурмæ бацæттæ кæнуни дæр архайдта. Уотæ зæгъæн ес, æма Къостай къохфинститæй пьесæ «Дуня»-йæй иснæуæг кодта æнæгъæнæ скъуддзаг. Е раздæр мухургонд некæд адтæй.

Уæрæсейаг кæсæгæн базонун кодта фæсарæнти цæрæг, ирон литератури æма журналистики классик Цæликкати Ахмæти уацтæ. Еци фиццаг рауагъдадæмæ Салæгати Зойæ ниффинста устур уац, очерк Цæликкати Ахмæти, исфæлдистади тухxæй. Фал уæддæр æ зæрди хецæн бунат адтæй «Ирон адæмы сфæлдыстад»-æн, еци хуарздзийнадæ адæмæй иронх некæд уодзæнæй. Ирон фольклормæ бахаста еугур хæзнатæ – героикон зартæ, бацеу-бацеутæ, æмбесæндтæ.

Æ рауадзунбæл Мирони кизгæ нæуæгæй бакуста 90-аг æнзти райдайæни, бахаста имæ фольклори нæуæг финститæ, исгъæздуг æй кодта дзурдуатæй æма нуриккон библиографийæй.

Салæгати Зойæ ке хæццæ æмбалдæй, ке хæццæ куста, ке ахур кодта, етæ 'й уарзтонцæ, кадæ ин кодтонцæ. Зæрдхæлар, рæстуод, агъазмæ цæттæ, бæрзонд квалификаций хæццæ ахургонд, адæймаг – уæхæн адтæй Салæгати Мирони кизгæ Зойæ. Æ рохс сорæт байзадæй адæми зæрдити, фарни хæццæ 'й имисунцæ.

***Хетæгкати Къостай номбæл Цæгат Иристони паддзахадон университети уруссаг филологий факультети косгутæ.***

**Редакцийæй.**

*Салæгати Зойæ æ рæстæги ци дууæтомон æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад» бацæттæ кодта, уордигæй абони мухур кæнæн еу таурæхъ.*

# АХСАХЪ-ТЕМУР ДИГОРÆМÆ КУТЕМÆЙ ÆРЦУДÆЙ

Йеу хатт сæхе 'фсæдтæ дæллаг æфцæгбæл Дигорæмæ æрбацудæнцæ ма Æхсæуи хумти æрбадтæнцæ.

Æхсæвæ сах и гъæумæ тъасхæгæнгутæ йеу къуар лæги исæрвиста. Фæххаттæнцæ и лæгтæ, уæдта æрæгиау ба Алтæнцъахъи мæсугмæ бакастæнцæ, 'ма дин уоми ба и уосæ къумæл цæгъдуй, 'ма къупхитæ ку ралæмаридæ, уæдта сæ артбæл бакалидæ, ма сæ фур сорæй цирагъау исцæфсиуонцæ 'ма и тар æхсæви цирагъеуæг кодтонцæ.

Тъасхæгæнгутæ æриздахтæнцæ ма йеци хабар радзурдтонцæ и сахæн. Сах дæр фæттарстæй: мадта сæ уоститæ уотæ тухгин кæмæн æнцæ, уонæн сæ лæгтæ ба кунæг æнæхъаурæ нæ уодзæнæнцæ, зæгъгæ, 'ма раздахтæй.

Æхсæвæ кæми фæцæй сахи 'фсад, уоми нур устур кæрдтутæ исзадæй бæхти лæхуати. Сах фитдзагидæр будури гъæутæ басаста, 'ма хонхмæ ку цудæй, уæдта æрæгвæззæг адтæй 'ма йе 'фсади бæхтæ дæр 'ма и æфсæдтæ сæхуæдтæ дæр Кети кæрдту фæххуардтонцæ.

Хонхи гъæутæй ба фитдзагидæр Æхсæуæбæл æрбадтæй 'ма, æ арми ку неци бафтудæй, уæдта Дигоргомбæл раздахтæй. Уоми ба Къæмунти къубусбæл адтæй мæсуг. И мæсугмæ ба мæнгæзгъунст хед. Сахи 'фсæдтæ и хедбæл исцудæнцæ: хед никкалдæй, и æфсад дæр Ниххæтти билæй Сонгути донмæ фæззилдæнцæ. Уой фæсте ба и мæсугмæ исцæуæн нæбал адтæй, сæхе 'фсæдтæн дæр сæ рæгъæймæгтæ (ахсиæгтæ) билæй фæккалдæнцæ; нигки ба ма зумæг дæр æрхъæрттæй, ма сах, йе 'фсадæй ма ка байзадæй, уони хæтдзæ рандæй Гъевон æфцæгбæл.

Уой фæсте ци рацудæй, уæдта йеу лæг Ахсахъ-Темури хабар игъусун райдæдта, æгас дунейæн хан иссæй, зæгъгæ.

Йеу хатт кæми адтæй, уоми Ахсахъ-Темур фегъуста, Дигоргом сахæн сæттун куд нæ бакумдта, уой. Алтæнцахъи хабæрттæ дæр йимæ игъустæнцæ. Устур æфсæдтæ æримбурд кодта 'ма уони хæтдзæ Дигоргоми думæгмæ æринцадæй. Æхуæдæг ба йеунæгæй æ уорс аласабæл ба ма адтæй æртæ кизги.

Гъæубунти хумти исраст кодта 'ма и мæсугмæ йе 'рух бахатта. Билæгидонмæ ку исхъæрттæй, уæдта æ бæхæй рафестæгæй, ма 'й хæрди æ фæсте ласта. Кизгутти ракаст дæр уотæ фæцæй, 'ма и бæхгинмæ кæсун райдæдтонцæ, ка уодзæнæй, зæгъгæ. Къулух цок е кодта и бæхгин, уой тухxæй йибæл гурусхæ кæнун райдæдтонцæ Ахсахъ-Темур уодзæнæй, зæгъгæ. Уалæнги и бæхгин мæсуги размæ исхъæрттæй 'ма и кизгуттæмæ æрфусун кодта. Кизгуттæ дæр йин дзикка ракодтонцæ, байвардтонцæ йин æй 'ма иуазæг астæуæй хуæрун райдæдта. Кизгуттæ дæр кæрæдземæ бакастæнцæ 'ма нихxудтæнцæ. Йе дæр сæмæ дзоруй:

– Цæбæл ходетæ?

– Ахсахъ-Темури хуæрæнтæ кæнис, – зæгъгæ йимæ дзоруй астæуггаг кизгæ.

– Мадта æз йе дæн, 'ма ардæгæй фæстæмæ макæмæйбал тæрсетæ! Астæуггаг ка 'й, йе ба мин бийнонтæ куд уа, уотæ!

Астæуггаг кизгæ дæр йеци сахат йе 'ннæ авармæ бацудæй, æхе римæхсун райæдта, ома, арази дæн, зæгъгæ.

И кæстæр ба йимæ дзоруй:

– Дæ фарн, дæ фарн, де 'зæдистæн, корун ди 'ма мин нихxатир кæнæ, нур ба дæмæ йеу аййепп йес: æфсад уа, уæддæр, бæстæмæ æвналис, уæддæр астæумæ лæборис æма йеци æгъдау – астæумæ лæбурд мабал кæнæ, йе ба дæ гъуддаг растдæр цæуа. Али гъуддагæн дæр райдайæн æма кæрон йес, 'ма ду дæр йеу кæронæй райдайæ, дзиллæмæ лæборай, уæддæр æма æнæуой гъуддаг кæнай, уæддæр!

Ахсахъ-Темур и кизги дзурдтæ æ зæрдæмæ байста, 'ма уордæгæй фæстæмæ ба адæммæ кæронæй бавналдта.

Цæрæнбунатæн ба райста Геуæргиати мæсуг.

Базуртæ йин адтæй, 'ма бонæ арвбæл æртæ зилди æркæнидæ, æхсæвæ ба Геуæргиати мæсугмæ бахатидæ 'ма уоми астæуггаг кизги хæтдзæ лæг æма уосæй цардæнцæ.

Йеци кизгæй Ахсахъ-Темурæн æртæ лæхъуæни райгурдæй: Мали, Бицо æма Кардан. Йеци æртемæй ба устур Дигори Геуæргиати муггаг рантæстæнцæ.



**СÆБАНТИ Харитони конд хузæ.**

## УАРЗОН АХУРГÆНÆГИ АРФИАГÆЙ ИМИСГÆЙ



**Салæгати Зойи агъазиау хъиамæттæй еу е æй, æма æцæг гъомбæлгæнæг ци кæстæртæн иссæй, уони бæрцæн, æвæдзи, банимайæн дæр нæййес – кедæр загъдмæ гæсгæ 'нцæ фондз минемæй фулдæр. Уогæ æхецæн сæ бæрцæ уотæ дессаг нæ адтæй – æхцæуæн е адтæй, æма етæ рæствæндаг ке фæцæнцæ. Сæрустур си адтæй æма си етæ дæр боз адтæнцæ. Уонæй еу – Цæгат Иристони адæмон поэт ХЪОДЗАТИ Æхсар (1937-2021). Æ уарзон ахургæнæги тухxæй кæддæр ци æмдзæвгæ ниффинста, уой мухур кæнæн.**

### ФÆЗЗЫГОН ЭЛЕГИ

*Мæ кæддæры ахуыргæнæг Салæгаты Зояйы рухс ном дзы арын*

Нæ фæззæг, оххай, азæронд æваст,
йæ дуг уыди ыскаст æмæ ныккаст.
Фæтахтысты зæрватыккæй, зырнæгæй,
æмæ та дуне аззади быгъдæгæй.

Мæ зæрдæ ма мынæг рухсæй сыгъди,
мæ туджы ма мæнгæфсон цин уыди.

Цы фæци ныр, цы бæстæм æй фæхастой?
Уæууау, йæхи мын бакодта мæ ахстон
налат æвдиу... Кæм агурон æххуыс?
Тæккæ знон та фæкъахыр и мæ ныфс:
мæ ахуыргæнæг Салæгон дæр нал ис,
йæ сыгъдæг уд ын аныхъуырдта сау низ.

Цæрæм... Цæуæм куыдхуыздæрæй мæрдтæм.
Нæ сæфты радмæ хъахъдзыхæй кæсæм.

...Ныццыбыр бон, ныдздзигло и, ныттар.
Хъуындзжынхъус уæйыг ДАРГЪ ÆХСÆВ – æлдар.

*23.11.2011*

Советон Цæдеси уæлдæр разамонгутæй еу, Социалистон Фæллойни дууæ хатти Бæгъатæр Косыгин Алексей Николайи фурти райгурдбæл 21 феврали æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1904-1980).

***Расул ГАМЗАТОВ (1923-2003), Дагестани адæмон поэт: «Мæнмæ адæмти æвзæгтæ кæсунцæ арвбæл ци стъалутæ ес, уони хузæн. Мæн нæ фæндуй, цæмæй стъалутæ байеу уонцæ, æма си рауайа, арви æмбес ка ахæссуй, уæхæн агъазиау стъалу. Ес хор. Уадзæ æма уонцæ стъалутæ дæр. Уадзæ æма алли адæмтæн дæр уа сæхе стъалу».***



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГ... УОДÆН ДЕССАГДÆР ЦИ ЕС!..

***Маддæлон æвзаги Æхсæнадæмон бон ЮНЕСКО-ий Генералон конференций унаффæгондæй 2000 анзæй фæстæмæ алли анз дæр 21 феврали бæрæггонд цæуй дуйней фулдæр паддзахæдти. Аугæхæн бæрæгбон хумæтæги нисангонд не 'рцудæй – абони берæ адæмихæттити маддæлон æвзæгти уавæр хуæрзтæй нæй, тæссаг син æй бустæги фесæфунæй. Æма аци мадзал ба кæдимайди син фæййагъаз уидæ сæ багъæуай кæнун æма сæ идарддæри райрæзтæн. Мах ба абони мухур кæнæн маддæлон æвзаги туххæй цубур æрмæгутæ.***



**АБАЙТИ Васо (1900-2001), номдзуд ахургонд**

...Нæ маддæлон æвзаг æй, гъудий æма æнкъарæни тæккæ листæгдæр æма ездондæр фæззелæнтæ равдесунмæ ка арæхсуй, уæхæн æнаййеп, рæвдзæ æма коммæгæс хотух.

Нæ национ интеллигенций еу хай билæскъелæй кæсун райдæдта маддæлон æвзагмæ, æма беретæ сауæнгæ сæ бийнонти 'хсæн дæр нæбал дзорунцæ сæхе æвзагбæл. Е адæймаги æфтауй катайбæл. Хецæн цæрæгойтæ æма зайæгойтæ дæр ма Сурх киунугумæ хаст ку цæунцæ æма сæ багъæуай кæнунбæл зæрдиагæй ку косунцæ, уæд æвзаг – алли адæймагæн дæр æ хъазар культурон хæзна – цæмæннæ цæуй гъæуайгонд цæстигагуй хузæн: Пушкини рæстæги ка цардæй, еци поэт П.А. Вяземский кæд æма кæд ниффинста:

*Язык есть исповедь народа,*
*В нем слышится его природа,*
*Его душа и быт родной.*

Адæми дех кæнæн ес устуртæбæл æма минкъийтæбæл. Æвзæгтæн уотæ дех кæнæн нæййес. Алли æвзаг дæр æ адæмæн устур æй. «Махæй алкæбæл дæр ес бæдоли ихæс, ци адæм нæ исæнтæсун кодтонцæ, тæккæ устурдæр есбойнадæ – æвзаг – нин ка ниууагъта, уой размæ. Гъæуама 'й кæдзос дарæн, гъæуама 'й гъæздугдæр кæнæн. Ахсгиаг гъуддаг æй гæнæн æма амалæй аллихузон æвзæгтæ фулдæр багъæуай кæнун» *(Чингиз Айтматов. «Литературная газета», 13.08.86).*

Национ хелæдæрундзийнадæн национ æвзæгтæй хецæнгæнæн нæййес. Ескæци æвзаг ку рамæла, уæд рамæлдзæнæнцæ адæм дæр (куд хецæн этнос). Бустæги хуæдхуз ка 'й, хуæндбундор кæмæн ес, уæхæн адæмтæ мæлонцæ, е ба ке бафæнддзæнæй? Неке, æ сæрæй æ къæхти уæнгæ расист ка 'й, айдагъ уæхæнтти.

* * *

*Нæ адæми цардарæзтмæ уруссаг æвзаги тæвагæ ку 'рбахъæрттæй, æвæдзи, уæдæй ардæмæ берæ кедæрти сæризунд фæккуддæртæ 'й – сæ маддæлон æвзагбæл уоййасæбæл нæбал фенвæрсунцæ, байдайунцæ «дестæ-местæ» кæнун уруссагау дзорунæй, уотемæй ба си дзорунмæ дæр нæ фæййарæхсунцæ. Уой фæдбæл Малити Геуæрги кæдæр ниффинста цубур, фал дессаги раст уац «Ци бегара дæбæл ес?..» Абони 'й мухур кæнæн.*



**МАЛИТИ Геуæрги (1886-1942), поэт**

Уруссагау еу-дууæ дзурди ка базонуй, е дæр нæхе дигорон кенæ ирон æвзагбæл билæскъелтæ кæнун байдайуй, ци æй, цæмæн гъæуй уæхæн нецæййаг æвзаг, зæгъгæ. Уотемæй ба, уотæ ка дзоруй, уонæн сæ фулдæртæ уруссагау сæ дзубандиаг кæрæдзебæл исбæттун нæ фæффæразунцæ.

Æвдесæн. Киристонгъæуи Октябри бæрæгбони митинги дзурдта Профессионалон цæдести номæй Варасани-фурт, хуарз зонуй дигоронау. Е ба уæддæр баздахтæй æма уруссагау исамадта æ дзубанди. Кæмидæрти фегъуститæ кодта «штаб» æма «масштаб», фал си ка ци адтæй, уой нæ раргъавта æма никъкъуæрдта: «Да здравствует масштаб мировой революции – Коминтерн!»

Еуæй-еуетæ ин неци балæдæрдтæнцæ, ка 'й балæдæрдтæй, етæ ба ибæл фæххудтæнцæ.

Æ маддæлон æвзаг, зонгæй æй дæлдæр ка фæккæнуй, уæхæнттæн мæ æрфæндуй зæгъун: «Ци бегара дæбæл ес, дæумæ ка игъосуй, еци адæмæн æцæгæлон æвзагбæл дзорун?»



## ФÆЙЙАГЪАЗ ÆЙ ИРОН ÆВЗАГ...

Нæ маддæлон æвзаг Елхоттæй идарддæр некæми æма нецæмæн бал багъæудзæнæй, зæгъгæ, ка дзоруй, етæ цæйбæрцæбæл æнæраст æнцæ, уой туххæй нæ бон æй берæ дæнцитæ æрхæссун. Ракæндзинан си еуей кой.

Нæ номдзуд балхон Плити Исси æмтохгæнæг, кавалерион корпуси политхайади хецау Давид Добрушин æ тугъдон имисуйнæгти киунугæ «Æнæферонхгæнгæ фембæлдтитæ»-йи куд финсуй, уотемæй знаг сæ нихмæ æрбампурсуйнаг æй, зæгъгæ, уой базонгæй, исфæндæ кодтонцæ уобæл фæрраздæр ун æма æ нихмæ дæрæнгæнæг нимпурст исаразун. Уой фæдбæл мадзæлттæ амал кæнгæй, багъудæй æвæстеуатæй бардзурд сæ корпуси 22-аг полкбæл исæмбæлун кæнун – знаг æ цæф фиццагидæр уобæл никкæнуйнаг адтæй. Фал сæмæ кутемæйти бахъæрттайдæ? Еци полкки шифровальщик нæ адтæй, æргомæй ба радиойæй куд дзордзæнæ – знаг син уайтæккидæр раргом кæндзæнæй сæ фæндитæ. Æма мæнæ куд финсуй Д. Добрушин:

– Æвваст мæ сæри еу гъуди фæззиндтæй, фæрсун инæлар Плий-фурти:

– Иссæ Александри фурт, ду ирон нæ дæ?

– Ирон дæн, фал е ци барæ даруй нæ нимпурстмæ?

– Хъæбæр устур барæ, æмбал инæлар! Ду нæ тугъдон бардзурд ратдзæнæ радиойæй, æцæг иронау.

– Цитæ дзорис – иронау!.. Æма мин мæ бардзурд ка балæдæрдзæнæй? – ниддес кодта Иссæ. – Гиризгæнагæ дæ, куд дæмæ кæсун, уотемæй… Фал нæ нур гириз кæнунмæ нæ евдæлуй…

– Ка балæдæра, уæхæн си разиндзæнæй, баруагæс ди уæд, – загътон æз. – Кæд ма ести зонун, уæд нæ корпуси еунæг ду нæ дæ ирон. Нæ политхайади хецау болкъон Журавлев мин куд загъта, уотемæй æ хуæдæййевæг дæр ирон æй – Бритъиатæй.

– Цитæ дзорис? – бацийнæ кодта Иссæ. – Е дессаги гъуди ку æй, дессаги!.. Фæдздзорайтæ имæ уоми раций размæ!..

Цубур рæстæгмæ комиссар Бритъиай-фурт лæудтæй бастдзийнади аппарати размæ.

– Мæхæмæт, – дзоруй имæ иронау Иссæ, – дæ фиди ном куд адтæй, кæци гъæуæй дæ?

– Мæ фиди ном Ахмæт æй, цæргæ ба кæнæн Суадаги, – Бритъиай-фурт базудта Исси гъæлæс æма имæ дессаг фæккастæй, иронау æ хæццæ ке дзоруй, е.

– Мадта мæмæ лæмбунæг игъосæ, – загъта Иссæ. – Дзæбæх багъуди кæнæ, ци дин дзордзæнæн, уой æма 'й фегъосун кæндзæнæ полкки командирæн.

Иссæ райдæдта бардзурд иронау дзорун. Ку фæцæй дзурд, уæд ин Мæхæмæт загъта:

– Балæдæрдтæн дæ, æмбал инæлар, нуртæккæ дин дæ бардзурд бахъæртун кæндзæнæн командирмæ...

Еци усми не 'фсæдти бастдзийнади косгутæ устур сагъæси бацудæнцæ – нæ командæгæнæн пунктæй цудæй цидæр æнахур æвзагбæл дзубанди. Фал син хецауадæ балæдæрун кодтонцæ: ма тухсетæ, уæ куст кæнетæ, зæгъгæ.

Еци æргъудий фæрци советон æфсæдти нимпурст фæррæстмæ 'й, знаг дæрæнгонд æрцудæй…



**Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), уруссаг финсæг**

Мæнмæ æгириддæр дессаг нæбал кæсуй, уруссæгтæ кæрæдземæ уруссагау ке нæ дзорунцæ, е (æнахур хабар уидæ, уруссагау ку дзориуонцæ, уæд). Дессаг æндæр гъуддаг æй: уотæ сæмæ кæсуй, цума французагау хуарз дзорунцæ. Ка нин нитъгъунста нæ сæри еци гъуди? Е айдагъдæр не 'нæфæуyиндбæл дзорæг æй. Французагау ка дзоруй, еци уруссæгтæ (гъома, нæ интеллигенций агъазиау хай) дех кæнунцæ дууæ къуаребæл: еуетæ французаг æвзаг лæгъуз ке зонунцæ, е гурусхаг нæй; иннетæ ба уотæ æнгъæлунцæ, цума æцæг парижæгтау дзорунцæ... Никки ма илгъаг е æй, æма, фæсдзæуинтти царæстъигъд бакæнгæй, сæхецæй боц æма сæрустур ке 'нцæ (дууæ къуари дæр. – *Ред.*) Уонæн се 'взаг цардæгас нæй, фал мард, аразгæ, фантастикон.

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 334**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 19.02.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 19.02.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**